ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№104 (23.262) • 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 1, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Кабардино-Балкарская правда» газетыр илъэс 95-рэ зэрырикъум къыхэкІыу редакцэм хуэгъэза хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

«Кабардино-Балкарская правда» газетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 95-рэ зэрырикъумкІэ абы и редакцэм си гуапэу сохъуэхъу.

Ар зэрызэтеувамрэ зэрызиужьамрэ къыгуэхыпІэ имыІэу пыщІащ ди республикэм и тхыдэм. Иджы творческэ гупым информацэмкІэ технологие нэхъыфІхэмрэ тхыгъэм и гъэпсыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ къигъэсогъэнуп, пэжыгъэ нэс хэлъу къегъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ, щэнхабзэ гъащІэм къыщыхъуу Іэуху нэхъыщхьэхэр.

Шэч къытесхьэрхьэм, сыт щыгъуи хуэдэу, газетыр цІыхубэр зэкъуэгъуэвэным, ахэр ІэхуфІхэм хуэунэтІыным адэкІи зэрытелэжьэнум.

Газетым и лэжьакІуэхэм сохъуэхъу у зэныншагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ яІэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым фІыгъуэ иІэным хуэгъэзэ творческэ лэжьыгъэм ехьулІэныгъэщІэхэр къыщахьыну.

КІУЭКІУЭ Юрий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ.

● Телеграммэ

Бгырысхэм я пщалъэмкІэ къапщтэмэ...

ДИ ЛЭЖЬЭГЪУХЭ, ди ныбжьэгъу лъапІэхэ!

«Кабардино-Балкарская правда» газетыр илъэс 95-рэ зэрырикъуамкІэ ди гуапэу дыныбжьхъуэхъу.

Бгырысхэм я пщалъэмкІэ къапщтэмэ, ар балигъыпІэ иуващ, тхыдэм тещІыхьауэ уеплъмэ, иджыри щІалэщ. Ауэ фи газетыр дунейм къызэрытехьэрэ блэкІа зэманым къэхъукъащІэу, гугъуехьу щыІахэм хуэдиз языныкъуэ лІэщІыгъуэхэм къэхъуркъым. Абыхэм ящыщщ XX лІэщІыгъуэм екІуэкІа коллективизацэм, индустриализацэм я лъэхъэнэр, 40 гъэхэм совет цІыхубэм зэрахьа лІыгъэ иныр. Абыхэм ябыщІащ Хэкум «ЩІыхь дамыгъэ» орденыр газетым къызэрыуигъэфэщар, редакцэм и лэжьакІуэхэм зауэмрэ лэжьыгъэ Іэнатlэмрэ къыщагъэлъэгъуа зэфІэкІышхуэм папщІэ кърата наградэхэр.

ФІыуэ фІлъагъу фи Іэщlагъэм фызэрызэпэжым, фи гур фІым зэрыхуэунэтlам къыхэкІыу фэ журналист Іэкlуэлъакlуагъэм хэвгъахъуэ зэпыту фыкъекlуэкlащ. Аращ фи газетыр цІыхухэр гъэсэныгъэ абыхэм я зэхэщІыкІыр къэлэтыныжьмкІэ къыпэщыт къалэным тэмэму щІехьулІэр.

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и творческэ лэжьакІуэхэр я Іэщlагъэм зэрыхуэІэзэмрэ зэфІэкІышхуэ зэрабгъэдэлъэныр фи республикэми абы и щІыкІи пщІэ щыхуащІащ а газетым еджэхэм.

Ди гуапэу дывохъуэхъу фи творчествэр мыкІуэщІыжу, фи гъащІэр кІыхьу щытыну, фызыпэрыт Іуэху мытынышым ехьулІэныгъэщІэхэр къыщыфхьыну.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакІуэхэр.

Къэралым и Іэтащхьэм и унафэхэр гъэзэщІа зэрыхъур Бахъсэн районым къыщапщытэ

КъБР-м и къэрал чэнджэщэгъу Къэрмокъуэ Хьэчим иджыблагъэ Бахъсэн щыгъэкІуэкІа зэІущІэр теуХуауэ щытащІ Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ мазэм къыдигъэкІауэ щыта указхэр Бахъсэн муниципальнэ районымрэ Бахъсэн къалэ округымрэ зэрыщагъэзащІэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Уянаевэ Іэминат, КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкІэ консультант Вяльцев Геннадий, республикэм и министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр, Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн, Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, район, къалэ администрацэхэм я къудамэхэм я унафэщІхэр, къуажэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэм Къэрмокъуэ Хьэчим кьиГъэлъэгъуащ къэралым и Іэтащхьэм и указхэм къэралым и щІыналъэхэм я экономикэм зегъэужьныкІэ, социальнэ Іэнатlэр зефІэкІуэныкІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр. АдэкІэ а унафэхэр районым, къалэм щыгъэзэщІэныкІэ жэуап зыхьхэр тепсэлъыхьащ указхэр пхыгъэкІыным теухуауэ екІуэкІ Іэхуэхъэм. Абыхэм къыхагъэщащ иужьрей илъэсхэм къриубыдэу социальнэ Іэнатlэм и лэжьакІуэхэм я улахуэзэм зэрыхьагъэхуар, къуажэхэм Іэнатlэщlэхэр къызэрыщыгъэІуахар, школхэр, сабий садхэр зэрыраГъэфІэкІуар. Унафэхэр жылагъуэ куэдым щыхуэхащ унагъащІэхэмрэ сабийщ е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэмрэ.

Мыпхуэдэ зэІущІэ щхьэпэ къызэрызэрагъэпэщам папщІэ КъБР-м и къэрал чэнджэщэгъуэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэм фІыщІэ яхуиІащ Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм иэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн. Абы къыхигъэщхьэхуэкІащ къэралым и унафэщІым и указхэм щыгъэзыхуа къалэнхэр и зэманым икІи темэму яГъэзэщІэн папщІэ жылагъуэ псоми я Іэтащхьэхэм, район, къалэ администрацэхэм я къулыкъущІэхэм яхуэзэфІкІ псори зэралъэныгъэр.

ЧЫЛАР Аринэ.

Зы Іуэхущlапlэм щыэзфІокІ

Иджыблагъэ Нарткъалэ къыщыщІэуахащ Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыхуащІа центр (МФЦ).

АБы къалэдэсхэм Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэу 267-рэ щагъэутыныгъ. Цыхур зыхуей дэфтэрым папщІэ къулыкъущlапlэ Іэнатlэ куэдыр (регистрационнэ, кадастровэ палатэхэр, суд приставхэр, Іэпхъэшапхъуэ Іуэхухэмкlэ службэхэр, ГИБДД, МВД, щІыналъэ, жылагъуэ администрацэхэр, н.къ.) къызэхикІухьын, зэманкІи пэплъэн хуей хъурт. Иджы а псор МФЦ-м щызэфІэкІынущ.

Центрым и пэшхэр Іэхуитлъхуитщ, нэхущ, зыхуеину псомкІи къызэгъэпэщащ. Мыпхуэдэ центрхэр щолажьэ Анзорей Тэрчи.

Иджы ди иІэжькъым мылажьэу.

Иджы ди республикэм зы щыналъэ иІэжькъым МФЦ-м и къудамэхэр щы-мылажьэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Мэкъуауэгъуэм и 1-р Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

ФІыгъуэ мылъытэ

Дэтхэнэ къэралми и зэІуэзэпэщыныгъэр псом япэу къызэралъытэр абы сабийм, анэм, унагъуэм щаІэ пщІэрщ, гулъытэрщ. Унагъуэр жылагъуэм и Іыхьэщ, сабийр унагъуэм и хъуэхъуфІыгъуэщ, насыпыщагъуэщ. А фІыгъуэхэр хъумэныр, щІэблэм я хуитыныгъэхэр, я узнышагъэр, я гъащІэр зэІуэзэпэщ щІыным гулъытэ хэха хуэщІыныр - ар мыхьэнэшхуэ зиІэ къэралпсо Іуэхущ. Зи щхьэ пщІэ хуэзыщІыж дэтхэнэ къэралми, жылагъуэм щыІэфІих лэжьыгъэ псоми сабийхэм ехьэлІахэр япэ щрагъэщ.

ИЛЪЭС 65-м щІигъуауэ дэнэкІи щагъэлъапІэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр. Ар убзыхунымкІэ жэрдэм япэу къыхэзылъхьар Цыхубэхэм я дунейпсо демократие федерацэращ. КъыпщІэхъуэ щІэблэр узыншэу, сыт и лъэныкъуэкІи зэІуэзэпэщу къэгъэтэджным хуэгъэпсауэ бзылъхугъэхэм кІалэта а ІуэхугъуэщІэр диІыгъащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) икІи 1950 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м абы къыщІащ сабийхэр хъумэным теухуа унафэ щхьэхуэ. А мазэри ягъэуващ дунейпсо махуэшхуэу. Зэман дэкІри, ООН-м къыщтащ ябзылькІэ Сабийм иІэ хуитыныгъэхэмкІэ Декларацэ, иужькІэ, 1979 гъэм, Конвенцэ щхьэхуэ. Ахэр ди къэралым къыщыщІалъытар 1990 гъэрщ.

Сабийм и хуитыныгъэхэр зыхъумэ Іуэхущlапlэхэр, къулыкъущlапlэхэр, цІыху щхьэхуэхэр куэдщ, итlани щІэхьщІэхьыгъэ кІоІу цІыкІуэм лей ксащІтекъэ Іуэхугъуэхэм ятещІыкъуа хъыбархэр. А Іэнатlэхэр я пашэу, жылагъуэр псори хущІокъуу сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэным, ар унагъуэм щыпІныим епха хабзэхэр езы адэ-анэ дыдэми къызэпемыгъэудыным. Апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр, бзаджагъэхэр зи Іэужьхэр хабзэм ирашалІэ икІи тезырхэр тралъхьэ.

Урысей Федерацэм тКІийуэ щыкІэлъоплъ сабийхэм я хуитыныгъэр хъумэным, абыхэм щІэныгъэ, гъэсэныгъэ нэс етыным, ГъащІэм лъэ быдэкІэ хэгъэувэным пыщІа Іуэхугъэ зэфІэха зэрыхъум. Сабийхэм я хуитыныгъэмрэ абыхэм я сабэп зыхэлъхэмрэ къащхьэщыжыныр властым и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу кьыщалъытэ. УФ-м и Президентым 2009 гъэ лъандэрэ а унэтІыныгъэмкІэ и уполномоченнэщІ Астахов Павел. Ди республикэм апхуэдэ кьалэнхэр щегъэзащІэ Іуэгъуэ Светлана.

Сабий зэрыс унагъуэхэм я псэуКІэм блэкІа илъэсхэм фІы и лъэныкъуэкІэ зыужьыныгъэ игъуэтащ, псом хуэмыдэу сабийхэмрэ анэхэмрэ хъумэным гулъытэ нэхъыбэ хуащІ хъуащ. 2007 гъэм къыщыщІэдзауэ Урысей Федерацэм и щІыналъэ псоми щолажьэ «Анэм и мылъку» программэ хэхар. Сабий етІуанэ (ещанэ...) зыгъуэт анэм хухах мылъкур сом мин 250-у кьежьати, мы гъэм ар хъуащ мин 453-рэ. А къэрал программэр иджыри лэжьэнущ 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 31 пщІондэ. Проектым къыпэкІуэ ахъшэр трагъэкІуадэ псэупІэхэр егъэфІэкІуэным, сабийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, анэхэм я лэжьыгъэ пенсэм хуэзхуахьэс Іыхьэм. УФ-м и Правительствэм кІишІэ ящІыгъуэ пэщІэт планым ипкъ иткІэ, программэм хагъэхьа зэхъуэкІыныгъэхэм ящыщщ, мылъкур зыхуагъэфэща сабийм и ныбжьыр илъэси 3 иримыкъуами, бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ абы зэ къыхэхьІгъуэу сом мин 25-рэ къыхэпхыну узэрыхуитыр, апхуэдэу ар зи узнышагъэм сэкъат иІэ сабийхэм я Іуэхур ефІэкІуэным тебгъэкІуадэ зэрыхъунури.

Шэч хэмылъу, программэр сэбэп хъуащ демографие щытыкІэр къэралым щегъэфІэкІуэныжьмкІэ. Зи цІыху бжыгъэм хэщІ зэпыт хъуауэ щыта Урысей Федерацэм а программэм лъэжьэн зэрыщыщІэдзэрэ екъулІэныгъэ гуэрхэр къытхуихьащ: сабий кьалъхухэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъуащ.

Бынунагъуэхэм защІэгъэкъуэныр кьэралым унафэщІхэм кьалэпщІытлъэпкъыпсо Іуэхущхуэу щытми, абы проектышхуэзкІэ хуагъэпэлажьэми, тщыгъупщэ хъунукъым сабийхэм я узнышагъэр, хуитныгъэхэр, уеблэмэ я гъащІэр хуитыныр, гъэсэныгъэ екІу зыхэлъ цІыху нэсу жылагъуэм хэгъэхьэныр псом япэ дэтхэнэ адэ-анэми я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ

Дзэлыкъуэ районым и щІыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэм къыщыдэІуэха корпусыщІэм и гинекологие къудамэр, махуэм зыщагъэхъуж стационарыр, аптекэ гъэтІылъыпІэхэр игъэІэпэхьауэ.

60 гъэхэм къызэІуахауэ щыта къудамэр зэи зэрахьатэкъым, махуэм зыщагъэхъуж стационарыр узыфэ зэрыщІалэхэмкІэ къудамэм хэту щытащ.

Ухуэныгъэкъэр дунейм и къэхъукъащІэхэм хуэхьэзыру зэщІэгъэбыдэным хуэгъэпса федеральнэ программэм и фІыгъэкІэ Іуэхущlапlэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. Сом мелуан 28-м щІигъу текІуэдащ ар зэрахьэным. Бюджетым къызыщІащ ахъшэмкІэ, а къудамэм зы илъэсым бзылъхугъэ 600-м нэблагъэ я узнышагъэм щыкІэлъэплъыфынущ. Уи гуапэ мыхъуу кьанэркъым анагъэмрэ сабиигъэмрэ кьыщхьэщыжьныр щІыналъэм зэриГъэрытыр - а Іуэхур властым и кьудамэ псоми я социальнэ унэтІныныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Автобусхэр къэзыгъэсэбэпхэр дяпэкІэ билеткІэ зекІуэнущ

Налшык къалэм щызекІуэ автобусхэм итІысхьэхэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щыщІэдзэзу билетхэр ирату щІадзэнущ. Автобусым и шофёрым кърита билетыр дэтхэнэми здэкІуэнум нэсыху иІыгъын хуейщ.

Билетхэр зымыІыгъхэм сомі 100-кІэ етхьэкъунущ.

НОБЭ

●Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
●Адэ-анэм я дунейпсо махуэщ
♦Шэм и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и Ищхъэрэ флотым и махуэщ
♦Правительствэмрэ связь Іэнатlэр къыщыдэгъэпэща (1931 гъэм) махуэщ
♦Алтай Республикэм хьэхьэу Бгырыс-Алтай автоном область къыщыдэгъэпэща махуэщ
♦Австралиер къыщыдэІуаха махуэщ
♦1806 гъэм архитектор Джакомо Кваренги Петербург ухуэн щыщІригъэдзауэ щытащ Смольнэ институт цІэрыІуэм и унэр.
♦1862 гъэм США-м цІыхуэр щагъэпщыпІыну зэрыхуимыстым теухуа унафэ къыщыдэкІащ.
♦1892 гъэм Урысейм щыяпэу Киев электричествэкІэ зекІуэ трамвай щаутІыпщащ.
♦1921 гъэм «Кабардино-Балкарская правда» газетым и япэ номерыр къыдэкІащ.
♦1924 гъэм «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм и япэ номерхэр къыдэкІащ.
♦Нэмыцэ физик, математик, бзэщІэныгъэлІ, философ цІэрыІуэ **Лейбниц Готфрид** къызэралъхурэ илъэс 370-рэ ирокъу. Пётр Езанэм и лъэІукІэ абы зэхилъхьауэ щытащ егъэджэныгъэмрэ къэрал зехьэкІэмрэ зэрызрагъэужьыну щыкІэм теуха проектхэр.
♦Пётр ипхъу Елизаветэ пащтыхь гуащэм и зэманым Урысейм и къэрал щыб политикэр ахуэнэтІу щыта, дипломат, генерал-фельдмаршал **Бестужев-Рюмин Алексей** къызэралъхурэ илъэс 323-рэ ирокъу.
♦Урыс композитор щэджащэ **Глинкэ Михаил** къызэралъхурэ илъэс 212-рэ ирокъу. 1833 гъэм абы итха «Патриотическая песня» макъамэр Урысей Федерацэм и къэрал гимну щытащ 1991 - 2000 гъэхэм.
♦США-м щыщ, дуней псом щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ киноактрисэхэм хабжэу щыта **Монро Мэрилин** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Нормэ Джин Мортенсонщ**) къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦Адыгэ Республикэм щыщ гъавэгъэкІ цІэрыІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Еныкъуэ Исхьэкъ** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Шортэн Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Къэрал къулыкъущІэ, Урысейм и Олимп комитетым и президент, УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ **Жуков Александр** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
♦Хоккеист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгухэм тІэуфейр я чемпион **Крутов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 56-рэ ирокъу.
♦Актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Симоновэ Евгение** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.
♦Израилым щыпсэу жылагъуэ лэжьакІуэ, Кфар-Камэ къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Зэчрей** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщышхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 13 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Цыхур уи щхьэ еплъытмэ, емыкІу къэпхьынкъым.

Бечелов Радмир Ильяс и къуэр Налшык суд районым и суд участкэ №95-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум гъэувным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм якъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. **Бечелов Радмир Ильяс и къуэр** Налшык суд районым и суд участкэ №95-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум ильэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 26-м
№480-П-П

Тембот Мухьэмэд Мухьэмэд и къуэр Налшык суд районым и суд участкэ №97-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум гъэувным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм якъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. **Тембот Мухьэмэд Мухьэмэд и къуэр** Налшык суд районым и суд участкэ №97-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум ильэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 26-м
№481-П-П

Льостэн Аслъэн Юрий и къуэр Тэрч суд районым и суд участкэ №92-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум гъэувным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм якъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. **Льостэн Аслъэн Юрий и къуэр** Тэрч суд районым и суд участкэ №92-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум ильэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 26-м
№482-П-П

Хутуев Ислъам Тыныбек и къуэр Іуащьхьэмахуэ суд районым и суд участкэ №91-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум гъэувным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм якъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. **Хутуев Ислъам Тыныбек и къуэр** Іуащьхьэмахуэ суд районым и суд участкэ №91-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум ильэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 26-м
№483-П-П

ПщІэншэу мэлажьэ

Гъэ хъэси хуэдэу, 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къалэ аттракционэхэр зоопаркымрэ илъэс 12-м щІимыгъуа сабийхэм папщІэ пщІэншэу щытынущ. Зоопаркыр сихьэти 10-18-м къриубыдэу лэжьэнущ.

ГЪУАЗДЖЭМКІЭ сабийхэм я школым и гъэсэнхэмрэ муниципальнэ гупхэмрэ сихьэт 11-м щегъэжьауэ концерт щагъэлъэгъуэнущ къалэ паркым аттракционхэр здэщІыІэ и щІыпІэм.

Концертыр зэфІэкІа нэужь, сихьэт 14-16-хэм сабийхэр зэпеуэнущ асфальтым мелкІэ сурэт тещІыхьыныжьмкІэ.

Апхуэдэу къалэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм концертхэмрэ нэгъуэщІ нэгъэзыжь Іуэхухэмрэ къызэрагъэпэщыщ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Хэхыныгъэмкіэ законодательствэм зэхъуэкіыныгъэхэр халъхьэ

КЪБР-м и Парламентым иджыблагъэ къиштащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпІэ унафэр зезыгъэкІуэ и лІыкІуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» КЪБР-м и законхэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр. А хабзэ мардэм нэхъ зэпкърыхауэ тхутепсэлъыхьыну дэ дельэІуащ КЪБР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал уэуэкІэмкІэ, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Шондыр Олег.

ПСОМ ялуэ жьІэн хуейщ мы документыр муниципальнэ щІыналъэхэм я лІыкІуэ органхэм я депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхах щІыкІэр зыубзыху законкэр егъэфІэкІуэным зэрыхуэунэтІар.

Документыр щагъэхьэзырым къалъытащ Урысей Федерацэм и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщІхьэм и чэнджэщхэр, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, къэралым и адрей субъектхэм щрагъэкІуэкІа хэхыныгъэхэм я дерсхэр. Абы къыхэкІыу муниципальнэ щІыналъэхэм я лІыкІуэ органхэм я депутатхэр зэрыхах щІыкІэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм ящыщщ хэхыныгъэхэр егъэкІуэкІыным трагъэкІуадэр сом минитхум щыщімысгъум дежкІ кандидатхэм хэхыныгъэмкІэ фонд къызэрагъэпэщыну, ауэ хэхыныгъэмкІэ фондым и счёт щхьэхуэ къызэІуамыхми хъуну хуит зэращІыр. Апхуэдэм дежкІ счётым халъхьэр псори езы кандидатым и ахъшэщ. Апхуэдэу кандидатыр, кандидатхэм я спискэр къагъэлъагъуэну арэзыхэм Іэ зыщІадза тхыльхэр зэдыщІэкІыну къамыщыгъу, абыхэм ящыщ Іыхьэм хэлъхьэну хъунущ. ЗэхъуэкІыныгъэхэм ящыщщ Іэ зэраІэт бюллетенхэр зрадзэну ашыкхэр дяпэкІэ ягъэува мардзэхэм тету зэрагъэхьэзырынур икІи абыхэм уапхэлІъу зэрыщытынур.

«ЩІыпІэ унафэр зезыгъэкІуэ лІыкІуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахым и Іэхуэкіэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іэхуэкіэ» КЪБР-м и законхэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я нэхъыбапІэр тращІыхьащ Урысей Федерацэм хэхыныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІ щІыкІэр зэблэзыгъэкІ хабзэ мардзэхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ 2016 гъэм и пэщІэдзэм къащта федеральнэ законкэм щІэуэ халъхьа мардзэхэм.

Къапщтэмэ, кандидатхэм я хэхакІуэхэм я зэгухэныгъэхэм къабгъэдэкІыу Іэ зэраІэтым кІэлъыплъхэм дяпэкІэ хуитныгъэ яІэнущ езыхэм хухаха тІысыпІэм и деж щысу хэхыныгъэр зэрекІуэкІым сурэт трахыну е ар видеокамерэкІэ ятыну. Абы папщІэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІым, абы и къуэдзэм е секретарым хуэбгъэ ирагъэщІэн хуейуэ аращ. Абы къыдэкІуэу зэхъуэкІыныгъэ щхьэхуэхэр теухуащ хэхакІуэ комиссэм и лэжьыгъэм кІэлъыплъакІуэхэр зэран хуэмыхъун папщІэ зытетынын хуей хабзэхэм. Псалъэм папщІэ, зы зэгухэныгъэм е зы кандидатым я телъхьэ кІэлъыплъакІуэхэм я бжыгъэр дяпэкІэ тІум фІэмыкІыу щытынущ икІи ахэр Іэ щаІэт пэшым гъэрыгъуэурэ щІэсыну аращ. Апхуэдэу кандидатым е кандитатхэм я спискэр къэзыгъэлъэгъуа зэгухэныгъэм унафэ къэзыщтэхэм ящымыщу хэхакІуэ комиссэм хагъэхьам и полномочиехэр щхьэщахыурэ нэгъуэщІым зэрырат бжыгъэр тхум щІигъу хъункъым.

2016 гъэм гъатхэпэм и 9-м къащта Федеральнэ закон №65-ФЗ-м тету республикэ законым егъэув кандидатхэм я спискэхэр къэзыгъэлъэгъуа зэгухэныгъэхэр кандидату ятхахэр зэщІыгъуу къызэрагъэпэщ агитацэ Іэхуэхэм фІэкІыпІэ имыІэу хэтын хуейуэ. Гу лъытапхъэщ кандидату ятхам апхуэдэ агитацэ Іэхуэхэм хэтын папщІэ нэгъуэщІхэр лІыкІуэ ищІ зэрымыхъунур.

Федеральнэ законым щыубзыхуа мардзэхэм ящыщщ къэрал властым и федеральнэ органхэм я депутатхэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэм я лІыкІуэ органхэм я депутатхэмрэ я хэхыныгъэхэр зэтехуамэ икІи федеральнэ законым ипкъ иткІэ а хэхыныгъэхэм хэтхэм нэгъуэщІ щІыпІэхэм Іэ щаІэтыну хуит ящІмэ, муниципальнэ щІыналъэхэм я лІыкІуэ органхэм я депутатхэм папщІэ нэхъ пасэу Іэ яІэтыну хуит зэрамыщІыр. Абы къыхэкІыу республикэ законым иратхащ муниципальнэ щІыналъэхэм я лІыкІуэ органхэм я депутатхэм папщІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм Іэ щаІэтыну хуит зэрыщащІ мардзэхэм.

Апхуэдэу ищхьэкІэ къыщыгъэльэгъуа Федеральнэ законым тету республикэ законым щыщІэгъэбыдащ Іэ зэраІэтам, абы къыригІуахэм, хэхакІуэхэм Іэ зэраІэта щІыкІэм теухуауэ комиссэм иригъэкІуэкІ зэІуущІэхэм щІэсыну хуитхэм ятеухуа мардзэхэр.

Хэхыныгъэхэм ятеухуа законхэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм хеубыдэ Іэ зэраІэт щІыкІэр къэзыгъэльэгъуну къэрал, муниципальнэ щІыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іанэхэм я спискэхэр зэрызэхалъхьэщІыкІэр, агитацэ зэрырагъэкІуэкІ зэманыр зыхуэдизыр, агитацэм пыщІа материалхэр гъэхьэзырыныкІэ хабзэ щхьэхуэхэр, нэгъуэщІхэри.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іанэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекІуэкІащ студентхэм папщІэ къызэрагъэпэща «Страницы немеркнущей славы» VI урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцыр. Ар теухуауэ щытащ Хэку зауэшхуэм Текіуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 71-рэ зэрырикъум.

КОНФЕРЕНЦЫР къыщызэІуахым хэтащ КъБКъУ-м и проректор Баразбиев Мусльим, тхыдэмкІэ, филологиемрэ СМИ-мкІэ къудамэм и унафэщІ Тэмазэ Мусльим, Гъуазджэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и проректор Эфендиев ФуІэд, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетым тхыдэмкІэ, философиемрэ правэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ КІарэ Мадинэ, КъБКъМУ-м и студентхэм я профсоюзым и комитетым и унафэщІ Нэзрэн Бесльан.

Баразбиев Мусльим конференцым хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ, абы екъулІэныгъэ къыщагъэльэгъуэныр екъуэхъуащ.

«Страницы немеркнущей славы» конференцыр йокІуэкІ «Тхыдэм и фэеплъ» Іуэхум щыщу. Ар къызэгъэпэщыныкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуащ УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр, КъБКъУ-р, ГъуКИКЪИ-р, КъБКъМУ-р, «Хэкупсэ» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр.

Мы гъэм конференцым хэтащ КъБР-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ нэмыщІ, Псыхуабэ, Челябинск, Ипщэ федеральнэ университетым къикІахэри. Конференцым щащІащ доклад 30-м нэблагъэ. Аэрэ теухуат зауэм хэтахэм я лІыхъужьныгъэм, а зэман хьэлъэм я кІару емыблэжу лэжьахэм, бзылъхугъэхэм хэку зауэшхуэм къыщагъэльэгъуа бэшэчагым, хахуагъэми.

Мы тхыгъэхэр хагъэхьащ «Страницы немеркнущей славы» Котляровкэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм щагъэхьэзыра къыдэкІыгъуэм.

ШАЛ ФатІимэ.
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Тхыдэм и напэкІуэцІхэр

Зэи ящыгъупщэнукъым

Урысейпсо зэпеуэм хэтынухэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхэплъэжащ «Дядя Стёпа - полицейский» творческэ зэпеуэм къарикІуахэр.

УРЫСЕЙ МВД-м и щІыналъэ ІэнатІэхэмрэ абыхэм ядэлажьэ жылагъуэ советхэмрэ Сабийкэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу илъэс къэс ирагъэкІуэкІ мы зэпеуэр. Ар хуэунэтІащ полицэм и лэжьыгъэм и мыхьэнэр щІыхухэм зыхегъэщІэным. 2016 гъэм зэпеуэм кърахьэлІащ республикэм и сабий, творческэ гупхэм я Іэдакъэщ Іэкі 40-м щІигъу.

Республикэ МВД-м и лэжьакІуэхэмрэ министерствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и лІыкІуэхэмрэ зыхэта жюрим дежкІэ тынштэкъым нэхъыфІыр къыхахыныр. ТхьилъымпІэм, пластилиным, щэкІым, нэгъуэщхэми къыхащыкІхэр гъэщІегъуэнт. Зэпеуэм щытекІуащ Бахъсэн къалэм щыщ, ебланэ классым щеджэ Чып Аззмэт. Пхъэр зэрыгъэсыкІ Іэмалыр къыгъэсэбэну ищІа «Я полицейским служу!» Іэдакъэщ Іэкіыр къехъулІауэ къалъытащ.

ЕтІуанэ увыпІэр къахьащ Тырныауэ къалэм дэт «Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ творчествэмкІэ я Іуащхьэмахуэ районым центрым» и гъэсэнхэм. Гупым хэтхэм зэдгъэхьэзыра «На страже порядка» сурэтым къыщагъэльэгъуащ участковэ уполномоченнэм и нэІэ щІэт щІыпІэм щыщэфых лэжьыгъэр.

Ещанэ увыпІэр хуагъэфэщащ зэпеуэм хэта нэхъыщІэ дыдэхэм ящыщ, Къульхъужьин Ипщэ курыт еджапІэм и епліанэ классым щеджэ ТІатІым Исльам. Абы игъэхьэзыра «Дядя Стёпа - полицейский» композицэ тельыджэр пластилиным къыхищІыкІащ.

Урысейпсо зэхьэзэхуэм и Іыхьэу республикэм щекІуэкІам щытекІуахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэкІэ хэтынущ творческэ зэпеуэм и кІэухым.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ плъырхэр.
Сурэтыр зыщІар наІуэкъым. 1862 гъэ

● Бахъсэн щІыналъэ

Лэжьыгъэм пащэ

Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и нэІэ тету, хуимыту ягъэува гаражхэр Іурагъэхьых.

ЩІЫ Іыхьэ щхьэзыфІэфІу зыубыдым щІы зэхущытыкІэхэмкІэ законодательствэр къызэпеуд, апхуэдэхэм административэм жэуап ирагъэхь икІи йотхьэкъу. Ар Урысей Федерацэм Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым и 7.1-нэ статьям щыщІэгъэбыдащ.

Хуимыту ящІа псэуалъэр ар зейм ирагъэкъутэж е абы и мылъкыгъэ ирах.

ЩІы зэхущытыкІэхэм теуху законодательствэм зэрытетым кІэлъыплъу, Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацэм иригъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуэщи, хабзэр зэрамыщІэм къыхэкІыу е тезыркІэ яфІэкІын я гугъэу, щІы Іыхьэр щхьэзыфІэфІу яубыдри, псэуалъэ тращІыхь. Хабзэншагъэ зэралэжьыам ахэр елІалІэркъым.

Революционнэ, Къалмыкъ БетІал и цІэр зезыхьэ, Эльбрусскэ уэрамхэм тет фэтэр куэд хъу унэхэм я пщІантІэхэр иджыпсту къапщытэ, хуимыту дащІыхьа гаражхэр ягъэнлуэ. КъищынэмыщІауэ, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ящІыгъуу, ахэр зейхэр къахутэ, Іуэхур зэхагъэкІ. А пщІантІэхэм гараж пліыщІ щагъэувынущ. Бахъсэн къалэ администрацэм ахэр щаухуэну щІыпІэхэр игъэбелджылыри, щІы Іыхьэхэм я къэрал кадастр учётым псори игъэуващ. Абыхэм ящыщу гараж 14-р аукцион зэІухам щищащ.

Левченкэ Василий и цІэр зезыхьэ уэрамым хуимыту щауха гаражхэр ирагъэкъутэж. Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчимрэ абы и къуэдзэхэмрэ я нэІэ тету, техникэ хэхакІэ гаражитІ Іурагъэхьажащ. А лэжьыгъэм пащэ.

БАЛЪКЪЫЗ Іэминэ,
Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іанэм и лэжьакІуэ.

● Банк Іуэхухэр

Пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэр гъэхьэзырым мылъку хухах

«Урысейм и мэхъумэш банк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэ зыуэуэ «ЮгАгроГрупп» ООО-м сом мелуан 42-рэ хъу щІыхуэ иратащ. Іуэхущ Іанэм я мылъкур хуиутІыпщынущ хъумапІэм и лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІыным ар зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщынымрэ.

ИНВЕСТИЦЭ проектыр гъэзэщІэным хыхьэу ухуэныгъэмонтажк лэжьыгъэхэр гектар 1,2-м щрагъэкІуэкІ. Ухуэныгъэм сотых 11 иубыдынущ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, иджырей мардзэм хэитІасэ хъумапІэм зэуэ щІэхуэнущ пхъэщхьэмыщхьэ тонн 1700-рэ. Абы ехьэлІа лэжьыгъэхэм 2015 гъэм и накъыгъэм щІадзащ, хъумапІэр хьэзыр хъунущ мы гъэм и шышхьэІум.

«Урысейм и мэхъумэш банкыр» «ЮгАгроГрупп» ООО-м хуэдэ пхъэщхьэгъу пэжхэм ядэлэпыкъунущ. НобэкІэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэр процент 90-кІэ ягъэхьэзыращ. Ухуэныгъэм и пкъыр зэфІагъэуващ, зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэр ягъэув, ахэр зэтрауху. Къэзыхъуреихь щІыпІэр ягъэдахэ, - жиІащ «Урысейм и мэхъумэш банкым» и Къэбэрдей-Балъкъэр филиалым хьэрычэтыщІэ машІэмрэ курытымрэ ядэлэжьэныжкІэ и къудамэм и унафэщІ Щоджэн Залым.

Урысей Федерацэм и мэхъумэш-промышленнэ Іэнатіэм епха Іуэхущ Іанэхэм кредит-финанс Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныжкІэ лъабжьэ быдэщ «Урысейм и мэхъумэш банк» АО-р. Банкыр къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икІи нобэ ар ялъытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэ. «Урысейм и мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Іуэхуэхэр зэпІэзэрытхэм, мылъку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я процентш 100-ри къэрал мылъкущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Гу зылъытапхъэ

Индиер къапоплъэ

Индием техникэ, экономикэ зэдэлэжьэныгъэмкІэ и программэм (ИТЭС) илъэс 25-м къыщыщІэдзауэ 45-м нэс зи ныбжь урысей цІыхуэхэм къахех 2016-2017 гъэ еджагъуэм Индием и еджапІэ хэлъыхьаэхэм я пІалъэ кІэщІ курсхэм щагъэтІысхьэнуэр. ИТЭС-м и курсхэм ящыщу нэхъ щІэуэщІэ яІэщ банк Іуэхум, хьэрычэтыщІэ пэжыгъэм, Іуэхуэщ Іанэ мыинхэм зегъэужьыным, пэжыгъэр зегъэкІуэныкъэ дипломатиемрэ егъэщІылІаэхэм. Ягъэкіуэнуэм инджылызыбзэ ящІэн хуейщ. Программэм къызэщІеубыдэ къэрал къулыкъущІэхэр, егъэджэныгъэ, щхьэзакъуэ лэжьыгъэ Іэнатіэхэм пэрытхэр.

ФИГУ къэдгъэкІыжьинщ КЪБР-м Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэр зи гугъу тщІы программэр гъэзэщІэным 2003 гъэ лъандэрэ зэрыхэлэжьыхьыр.

Программэм ипкъ иткІэ ирагъэджакІэщ ди республикэм и къэрал, муниципальнэ къудыкъущІэхэу, экономикэм и Іэнатіэм я лэжьакІуэ зэмылІэужьыгъуэхэу 50-м щигъу.

ИТЭС-р Индием и правительствэм къиутІыпща ахъшэмкІэ ягъэзащІэ. Абы текІуадэ псори: егъэджэным, щІыпсэуным, тхыльхэр къащхьуным, щІыхуагъасэ Іуэхущ Іанэхэм кІуэным, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэ етыным, къызэрыкІуэжыну авиабилетым пэкІуэн ахъшэр къаритыну Индием и правительствэм езым и пщэ дельхьэж.

ТхыгъэхэмкІэ гъэнщІа анкетэмрэ КЪБР-м экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и цІэкІэ ятха лъэІумрэ зэпеуэм хэтынухэм къыІах еджэн щІадзэным мази 2-3 ипІэжу.

Мы Іуэхум зыубгъуауэ щхьэтечу щыгъуазэ фищІынущ Индием и посольствэу Москва щыІэм и сайтым: http://www.indianembassy.ru/index.php/itec/russia-and-ites Апхуэдэу фыщыщІэупщІэ хъунущ КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм: e-mail:prgogkbremail.ru, 40-97-04 телефонымкІэ зыхуэвгъазэ Къэрэшей Элеонорэ Мухьэмэд и пхъум.

● КъБР-м и прокуратурэм

Жэуапым ирашалІэ

ЦІыхуэхэм ятеуа бзаджащІитІыр уголовнэ жэуапым ирашэлІэн папщІэ, КъБР-м следствэмкІэ и управленэм и Аруан щІыналъэ зэхуакъ къудамэм судым ирита пэублэ тхылъэр Лэскэн щІыналъэм и прокуратурэм диІыгъащ.

АБЫХЭМ хэплъэри, ягъэкъуаншэхэр мазэ пІалъэкІэ яубыдащ. А зэманым къриубыдэу лейзехьэхэм зэхащІыкъэр нэгъэсауэ къатІэщІынурэ, кІэухыу щыхэплъэн щхьэкІэ, Іуэхур судым ягъэхьынущ.

КъызэрахутамкІэ, едыгъэн мурадкІэ, Арщыдан щыщ унагъуэм ятеуэри, абы щыщ цІыхуиплІым (зыр ныбжьыщІэщ) залымыгъэ ирахащ.

УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэмкіэ ягъэкъуаншэхэм я Іуэхур зэхагъэкІ.

Ялэжьа щІэпхъаджагъэм папщІэ, лейзехьэхэм илъэсиблым щегъэжьауэ илъэс пщыкІутІым нэс къахь.

Хабзэр къызэрызэпиудам и зэранкІэ

Шэджэм щыналъэм и прокурорым и къуэдзэм щІидзащ Шэджэм къалэм щыщ цІыхухъум хуэгъэзауэ къызэІуаха уголовнэ Іуэхумкіэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 264-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм къыщыщІэльэгъуа щІэпхъаджагъэ зэрилэжьам къыхэкІыу (гуэгу хабзэхэр къызэрызэпиудам и зэранкІэ цІыху зэрыхэкІуэдам папщІэ).

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкІэ, нэгъабэ фокІадэм и 12-м и пщыхьэщхьэм «ВАЗ-21124» автомашинэ псынщІэм дэсу Шэджэм къалэм и Бахъсэн шоссе уэрамым здрикІуэм, рулыр хуэмыгъэІурыщІэу гъэзгум дэжьэри, щхьэпридзащ. Абы щыгъуэр фэбжь хьэлъэжэм кьелакъым.

Зэрагъэжьаншэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн щхьэкІэ, уголовнэ Іуэхур Шэджэм щыналъэ судым иратащ.

Илэжьа щІэпхъаджагъэм папщІэ, абы илъэситхум нэс къхьэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Налшык къалэ

Хадэр къагъэщІэрэщІэж

Декоративнэ къэкІыгъэхэмкІэ Налшык совхозым и жыг хадэр къощІэрэщІэж.

АБы иныгъ щІы гектар 70-м нэблагъэм мы зэманым щагъэкІ жыгрэ чыцэ зэмылІэужьыгъуэу 700-м щІигъу, нэгъуэщІ къэралхэм кърашаи яхэту, Япэм къэрал псом къыщащІэу щыта совхозым иужьрей илъэси 10-м и Іуэхухэр щІэгъуэакъым. Иджыпсту а лъэпощхьэпохэр Іэмал зэриІэкІэ къызэранэкІыу хуежьащ икІи шэч къытрахьэркъым зэгуэр яІыгъа лъагапІэм зэрынэсыжынум.

Нэгъабэ лъандэрэ Ботаникэ жыг хадэм щІадзауэ щІызэфІагъэувэж яІа къэкІыгъэ лІэужьыгъуэхэр. Псом хуэмыдэу гулъытэ хуащІ псей щхьэантІэхэмкІэ яІэ гъэтІылъыгъэм. Абыхэмкіэ къахъуэж Тхылъ плъыжьым ихуа къэкІыгъэхэр, псалъэм папщІэ, кактусхэр, ахэр ямащІэщ. Іуэхущ Іанэм щІыху щхьэхуэхэм я лъэІуэрэи егъэзащІэ, абы къыпэкІуэ ахъшэр, куэд мыхъуми, коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэр ятыныжкІэ къахуосэбэп.

Совхозым и мурадщ ди республикэм зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэр здашэ щІыпІэхэм ящыщ хъужьи хуэдэу жыг хадэр къагъэщІэрэщІэжыну. Абы и Іэщагъэлілхэм я мурадщ дуней псом щыщІэрыІуэ Ботаникэ жыг хадэхэм ядэлэжьэну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Балъкъэр уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ Отаров Омар къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

Тхыдэм ухэзышэ

Хуабжьу си гуапэщ республикэ радиом сыщылэжьам уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ Отаров Омар къызэрысцІыхуар. Ямэ къатым и залышхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ хорыр, Отаров Омар зыхэту щытар, щыІэт.

ЛЭЖЬЫГЪЭМ дыкъыщыдэхуэхэм и деж Омаррэ сэрэ куэдрэ дызэпсэльыІэрт. Ар цІыху нафІэгуфІэт, гъащІэр фІыуэ илъагъурт, хузныкъуэм дэІэпыкъуэгъу хуэхъуну хъэзырт. УмыгъэшІегъуэн пльэкІырэтхъым абы цІыхубэ уэрэдыжь куэд дыдэ гукІэ зэрищІэр. Отаровым и уэрэдхэм тхыдэ жьыжьэм ухашэрт. Ди республикэм и лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэт ар, ауэ и чэзум зыхэтщыкІакъым...

БлэкІа лІэщІыгъуэм и 70 гъэхэм, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым къызэригъэпэща Іуэрыіуатэ-этнографие экспедицэ иным сыхэту, Къэрэшей-Шэрджэсым сыкІуат. Лэжьыгъэр къыдэхъулІэрт. Ди къуэш республикэм дызэрыщыІэр псоми ягу ирихьырт. Зы махуэ зыгъэпсэхугъэуэ тхухахащ. Карачаевск къалэм и зы хъэщІэщым дыщыпсэути, кІуаужьи къикІа нэхъыжьхэр ди хъэщІащ. Ахэр къэкІуащ фІыуэ ялъагъу уэрэджыІакІуэ Отаров Омар иращІэкІ пшыхьым драгъэблагъэн папщІэ. КъызэрыщІэкІымкІэ, абыхэм хъыбар зэхахат Іуэрыіуатэ экспедицэм езы Омар хэту. Гупым хэтыр и кІуэш нэхъыщІэ Исмэхьилыр зэрыарар къыщащІэм, къэуІэбжьри заулкІэ зыри жамыІэу щытащ...

ИужькІэ, я псалъэм къыхагъэщащ Омар къахуеблагъэну зэрагуапэр. Арщхьэкіэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыпсэухэм фІыуэ ялъагъу уэрэджыІакІуэм и щыхькІэ къызэрагъэпэща пшыхьым ар ирихьлІэну Тхьэм иуахтэкъым.

Экспедицэм хэтхэр хуабжьу ягъэлъапІэу ягъэхьащІащ. Жэщ псом жаІащ цІыхубэ уэрэджыІакІуэм игъэзащІэ уэрэдхэр. Іэнэм и тхьэмадэу щытащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Отаров Исмэхьил.

БЕППАЕВ МутІэлип,
КъБР-м и ТкакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ.

Абы и щІэблэр

Отаров Омар зымыщІыхуарэ ар зымыщІэжрэ къэгъуэтыгъуейуэ къыщІэкІынуц. Къэбэрдей-Балъкъэр радиом илъэс зыбжанэкІэ дышыэдэлэжьэну дэ къытхуихуащ.

БАЛЪКЪЭР нэтынхэмкІэ редактор нэхъыщхьэ къалэныр си пщэ дэлъу, Омар хорым щылажьэу, уэрэдхэр жиІэу, цІыхубэ уэрэдхэр зэхуихьэсыжу щытащ. 80-90 гъэхэм ар уэрэджыІакІуэ пашэу къалъытэрт. Сэ етІуанэ, ар ятІэ къатхэм дытест. Махуэ щІагъуи дэкІыртэкъым абы и деж семыхыу е езыр къыдэмыкІуейуэ.

Республикэ радиом и лэжьакІуэхэм балъкъэр къуажэхэр къызэхэткІухьырт. Къыдодаіуэхэм я Іуэху епхыкІыжьхэм зыхэдгъэгъуазэрт, дыдейхэм я гугъу яхуэтщІырт. Абыхэм ди уэрэджыІакІуэхэу Отаров Омар, Атлуевэ Зое, Беппаев Сергей, Газаев Алим, Мусукаев Руслан сымэ здэтшэрэ концерт-хэр ятт. Омар фІэфІ дыдэу зэпымыууэ уэрэд жиІэу зэрыщытар сигу кьинэжащ. ЦІыхубэмэ ар фІыуэ къалъагъурт.

Омар цІыху телъыджэт. Абы уэрэдыжьхэр зэхуихьэсыжу, ахэр игъэзащІэу щытащ жыпІэмэ мащІэ дыдэщ. НэгъуэщІ лъэпкъхэми апхуэдэ цІыхухэр яІэщ. Ауэ, апхуэдизу цІыхубэ уэрэдыжь гукІэ зыщІэу щыта цІыху зэчиифІэ си лъэпкъэгъуэхэм къаэхІакІуэ срихьэлІакъым.

Балъкъэрхэм ди лъахэр дагъэбгъна нэужь, уэрэдхэр тхуэхъумакъым. Омар уэрэд куэд зэфІигъэувэжащ. Зэман кІэщІым кьриубыдэу, абы радиом и хорым и гъусэу уэрэд 500-м щІигъу иригъэтхащ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ мащІэщ зыхуэзэфІэкІынур.

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и директору сыщылажьэм, Отаров Омар къызэралъхурэ илъэс 85-рэ щирикъум ирихьлІэу къыдэзгъэкІауэ щытащ «Карачаево-балкарские народные песни» (уэрэди 100), нотэхэмрэ псалъэхэмрэ щыгъуэу. Апхуэдэ къыдэкІыгъуэ нэхъапэм диІакъым.

Цыхубэ Іущагъэм жеІэ: «Уэрэд зимыІэ лъэпкъым гъуэгу иІэкъым». Апхуэдэу лъапІэщ уэрэдыр. СызэригугъэмкІэ, нэхъыжьхэм къыдогъэдэкІ саугъэтыфІщ лъэпкъ уэрэдыжьхэр щІэблэм я дежкІэ.

Омар бын къыщІэхъуакъым. «ЗгъэзащІэ цІыхубэ уэрэдхэрщ си щІэблэр», - зэгуэр жиІауэ щытащ абы. Апхуэдэхэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

СОЗАЕВ Ахъмэт,
КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубэ усакІуэ.

Іейм фІыкІэ пэджэжцІыху

Отаров Омар хуэдэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэм сыдэлэжьэну къызэрысухуэм срипасыпыфІэщ. Абы сыт щыгъуи зыхищІэрт и ІуэхуцІафэхэмрэ и лэжьыгъэмкІэ къыІуІыс жэуапІыныгъэр зыхуэдэр.

АР И УНАГЪУЭМ теубгъуат, хуэпэжкт. ХьэщІэкІэ дапщащи фІыт. Омаррэ и щхьэгъусэ Бийгъатрэ яку зэхущытыкІэ дахэ, лъагъуныгъэ, пщІэ, шыІэныгъэ дэлъащ.

Омар и псалъэ Іущхэм зэпымыууэ дыщІэдэІурт. НэхъыщІэхэр дызыхищІыкІырт, пщІэ къытхуищІырт, фІыуэ дыкъыпльагъурт, дигъэлъапІэрт. Абы сыт щыгъуи сабийхэр игъасэрт Іейм фІыкІэ пэджэжыну, и цІыхубэ уэрэдхэмкІэ ар жылагъуэ Іуэхухэми хэлІыфІыхьырт, гъашІэр фІыуэ ялъагъуну цІыхубэр къыхуриджэу.

ИтІанэ, Омар хуабжьу гушыІэрейт. Языныкъуэхэм хуэдэу абы «вагъуэ» уэ дэпльагъуртэкъым. Отаровым и гъащІэ псор триухуащ фІыуэ ильагъу и щІыналъэ и уэрэдхэмкІэ иІэтыным. Абы и дэтхэнэ зы уэрэдри гъэнщІат гъащІэм и пэжымкІэ. Сыхьэт ныкъуэкІэ зэпимыгъууэ цІыхубэ акапельэ уэрэд жиІэфырт, хорым и пашэу.

Омар псэуху и лъэпкъым къыгуэхыпІэ хуиІакъым, и макъыр Іуащ ди гум гуэгапгъэмрэ захуагъэмрэ къыщыгъэзуш. Ар зэи тщыгъупщэнукъым!

СОКЪУР Ольгэ,
Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ипщэ республикэхэм я цІыхубэ артистхэ.

И ныбжьэгъуэхэм я гъусэу. *1986 гъэ*

ЛІэщІыгъуэ ныкъуэ

Отаров Омар и цІэм къыгуэхыпІэ имыІэу пыщІэныгъэ хуиІэщ къэрэшейхэмрэ балъкъэрхэмрэ я щэнхабзэм. ЛІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигъукІэ абы и макъ гуакІуэм ди псэр игъэнэхуу къекІуэкІащ. Псэуху и Іэпэгъуащ ди лъэпкъ тхыдэр зи лъабжьэ уэрэдхэр. Ар къэзыщІыхуу щыта дэтхэнэми дигу кьинэжащ щылэу гуапэу, пэжу, жьэнахуэу, зэкІэлъыкІуэу.

ОТАРОВ Омаррэ сэрэ дыкъыздэхъуауэ зыныпІэ хъунущ. Гундэлэн дзэ и щыпхъу Зарият тпэмыжьжьэу псэути, щІэж-щІэхьырэ абыхэм я ежь къакІуэрт. Гъэмахуэхэм мэкъуауэгъуэм зригъэхьэлІэрти, ядэІэпыкъурт. Омар къэзылъагъуэр кьежэрт, уэрэд куэд зэрищІэм къыхэкІыу. Ахэр зыщІэлъэІуэр щигъэащІэжа, дыгъэр зэхуэвІэуэрэ едаІуэу къыпщІэхъурт. Псом хуэмыдэу гукъинэж сщыхъуащ балъкъэрхэр кърым хьанхэм зэрезэуауэ щытам тетухуа и уэрэдыр.

А зэманым ди лъэпкъыр Хэкум дыкъагъэІэпхъуэжауэ дынасыпыфІэт, ныкъажэхэр зэфІагъэувэжырт, щІыхьэху ящІурэ унэхэр яухуэрт. ЦІыхуэр гуапагъэкІэ зэхуэупсэрт, хабзэ зэрыхъуауэ зым адрейм гулъытэ хуищІырт.

Зэгуэрым Къэрэшей-Шэрджэсым гуп дыхъууу дыкІуауэ щытащ. Ди гъэзугаиэр ягъэдэхащ Отаров Омар, Ульбашев Азнор, Таукеновэ Галинэ сымэ. Гъэзугу дытетыу гъэщІэгъуэн гъэрхэр кьаІуэтэжащ, уэрэдхэр ягъэзэщІащ. Дыздэкіуам гуапэу къыщыпгуащІащ. Жэщым сыхьэтитІым дыкъэсыжри, Кулиев Кьайсин и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и пащІантІэм дыкъыщыуыІащ. Куэдрэ дызэбгрымыкІыжьыфу дызэхэтащ, Отаровым хъыбархэр, уэрэдхэр къыджиІэу.

Псом хуэмыдэу Омар кьэхьэлъэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и хорыр зэрызэхуащІыжар. Иджыпрэй гуманитар академием и ректор Атабиев Алий фІыщІэ хуэфащэщ иужькІэ ар и еджапІэм щылэжьэну зэрыригъэблэгъам папщІэ.

Къыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу гъэ кьэс уэрэджыІакІуэ щэджащэм и пщІантІэм зэрымыщІэу цІыхушхуэ щызэхуэсырт. ПщІантІэкум щагъэува стІол берычэтым Омар ахэр гуапэу иригъэблагъэрти зэхэст. И гъащІэр бэІутІэІуэншэу щымытами, абы и нэгум зэпымыууэ гуфІэгъэуэ кьрихьырт.

МУСУКАЕВЭ Сэкинат,
журналист.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар **ТЕКІУЖЬ Заретэщ.**

КъБР-м и Фэеплъ тхылъ

Тхыдэ

Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 70 щрикъуар къэралым щыдгъэлъэпІа нэужь, абы теухуауэ щыІэ тхыдэ напэкІуэцІхэр нэхъри яфІэгъэщІэгъуэну къапщытэж хъуащ. Ар къыхэкІащ хамэ къэралхэм щыпсэу язныкъуэ политикхэм зауэм и ухыкІэ хъуам нэгъуэщІ гупсысэ щІалъхьну, фашизмыр зэхэкъутэныжкІэ СССР-м иІа мыхьэнэр ягъэцІыкІуну зэрыхэтам. Ди къэралым ТекІуэныгъэм щІитащ совет цІыхуу мелуан пщы бжьыгъэхэм я гъащІэ. Зауэм хэкІуэдахэм я цІэ-унэцІэхэр зэфІэгъэуувэжыным, я къупщхьэ-лъапщхьэхэр къэгъуэтыжыным теухуауэ ноби цІыхьуакІуэ хъума мэхъу ТекІуэныгъэм псэууэ нэмыса, ауэ щІэблэм папщІэ гъащІэ мамыр къэзыІэуа лІыхъужьхэм я фэеплъыр.

ТЕКІУЭНЫГЪЭ Иныр кьэзырытхэрэ илъэс 71-рэ щыхъум ирихьлІэу Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым игъэхьэзырри къыдигъэкІащ КъБР-м и Фэеплъ тхылъ томиплІ хъур (редактор нэхъыщхьэр Дзэмыхь Къасболэтщ, зэхэзыгъэувахэр Опрышкэ Олег, Тетуев Алим, Атабиев Хьэнэфий сымэщ). Мы Іуэхур зэфІахащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхрэр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьлІэу КъБР-м гуфІэгъуэ махуэшхуэхэр къыщызэгъэпэщыныжрэ щегъэкІуэкІыныжрэ теухуауэ КъБР-м и Іэтащхьэм 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м ищІауэ щыта унафэм тету.

ЩІэуэ зэхагъэувэжа Фэеплъ тхылъым къыщыхьащ УФ-м ЗыхъумжьныгъэмкІэ и министерствэм и Архив нэхъыщхьэм къыщагъэтыжа дэфтэрхэр; КъБР-м щыщу гъэрпІэм илІыхьу Германием и Цайтхайн къалэмрэ Украинэм и Белая Церковь къалэмрэ щыщІалъхьахэм я цІэхэр; 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и хэщІыныгъэхэр; Интернетым къыщагъэтахэр. Ар сэбэп хъуащ республикэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэкІуэда цІыху 1000-м щІигъум я цІэр зэфІэгъэувэжыныжмкІэ, щыуагъэкІэ абыхэм хабжакэр хагъэхьыжыныжмкІэ.

Дэтхэнэ тномы къыщыхьащ зауэм хэкІуэдахэмрэ хъыбаршІэу щыкІуэдахэмрэ я цІэхэр. ЗауэлІ хэкІуэдахэм я бжьыгъэр КъБР-м и районхэм къыщыщапщэтэм къалъытащ 2005 гъэм мазаем и 27-м кьыдэкІа «Муниципалитетхэм я статусымрэ гъунапкъэхэмрэ» законым тету КъБР-м и административнэ-щІыпІэ гъэшыкІэм иІа зэхъуэкІыныгъэхэр, зауэлІхэм я Іыхьлыхэу нэгъуэщІыпІэ кьиІэпэкъуКІауэ КъБР-м щыпсэухэм, республикэм и зы районым икІыу нэгъуэщІым Іэпхъуахэм я лъэІуэхэр. Кьалэхэмрэ районхэмрэ я зауэлІхэм я унэцІэхэр алфавитым тету зэкІэлъыхьащ.

Тхылъым и япэ томым итщ Налшык къалэмрэ Шэджэм щыналъэмрэ щыщ зауэлІ хэкІуэдахэм я цІэ-унэцІэхэр, етІуанэм - Бахъсэн къалэ, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Іуащхьэмахуэ щыналъхэм, ещанэм - Прохладнэ къалэ, Прохладнэ, Тэрч районхэм, епІланэм - Лэскэн, Май, Аруан, Шэрэдж щыналъэхэм щыщхэр. ЕпІланэ томым и гуэдзэным итщ зауэлІхэм я бжьыгъэм хагъэхьэжахэмрэ абыхэм теухуауэ щІэуэ кьахутахэмрэ.

Тхылъым ихуащ ди республикэм щекІуэкІа зэхэуэхэм щыхэкІуэда зауэлІхэм я фэеплъу КъБР-м и кьалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэтхэм я сурэтхэр. Абы и кІэм къыщыхьащ зауэлІ хэкІуэдахэр щыщІалъхьа щыпІэхэр, фэеплъхэр къыщыхэгъэща, апхуэдэуи зэхэуэхэр щекІуэкІа щІыпІэхэр къыщыгъэлъэгъуа картэхэр. КъБР-м и Фэеплъ тхылъым и томи 4-м итщ ди республикэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэкІуэда цІыху 38046-и я цІэ-унэцІэр. Ауэ щыхъуКІи, ар зэхэзыгъэувахэм кьалъытэ ди лъахэгъуу зауэм хэкІуэда псоми я цІэхэр кьамыкъутэжауэ, абы къыхэкІыу лъыхъуакІуэ лэжьыгъэм адэкІи пыщапхъэу.

КъБР-мрэ къэралым и адрей щыналъэхэмрэ щыпсэуэхэр тхылъым щыгъуэзэн, зауэлІхэм теухуауэ щІыхубэм ящІэ хъыбар щыІэмэ жаІэфын папщІэ къызэрагъэпэщащ «КъБР-м и электрон Фэеплъ тхылъыр» проектыр (Іыхьиплъ зэхэтщ). Ар итщ www.knigaparmyati-kbr.ru, www.kbigi.ru сайтхэм.

Тхылъым ухэзыгъэгъуазэ Іыхьэм щэхъэрыщыхьащ, Хэку зауэшхуэм хэтащ КъэбэрдейБалъкъэрым и бын мин 60-м щІигъу. Мин 40-м нэблагъэм къагъэзэжахъым. Абыхэм я цІэхэр итщ Фэеплъ тхылъым. Куэдым я цІэр фІащащ КъБР-м и уэрамхэмрэ школхэмрэ.

Ди лъахэгъуэхэр яхэтащ Польшэр, Венгриер, Австриер, Болгариер, Чехословакиер, Югославиер, Румыниер хуит кьызэращІыжахэм, Берлин щызэуахэм, Японием и дзэр зэтезыкъутахэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сэлэтхэр лІыхъужьу щыІащ Хэку зауэшхуэм и фронт псоми. Ди хэкуэгъу мин 12-м щІигъум къратащ орденхэмрэ медалхэмрэ. 26-р Совет Союзым и ЛІыхъужь хъуащ, 5-р ЩІыхьым и орденым и кавалерщ.

1941 гъэм щэкІуэгъуэм и 13-м СССР-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и къэрал комитетым кьыдигъэкІа унафэм тету 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэр къызэрагъэпэщащ. 1942 гъэм бадзэуэгъуэ - шыщхьэуІум абы и зауэлІхэр хахуэу япщІэтащ танкрэ ІэщэфащэкІэ зэщІэуэздауэ Сталинград ебгъэрыкІуэ бийм икІи хэщІныгъэшхуэ иратащ.

Кавказыр яубыдыну бийр кьышцебгъэрыкІуэм, ди республикэм хахуэу къыщхьэщыжащ сэлэтхэр. Фашистхэр Бахъсэн яубыдыну илъэдэкъэщІкІырт. Махуэ 18-м и кІуэцІкІэ бийр Ростов щегъэжьауэ Кавказ бгы лъапэхэм къэсащ. 1942 гъэм Псыхуабэ яубыдри, НалшыккІэ зыкъагъэзащ. Ауэ шыщхьэуІум и кум ди сэлэтхэм бийр къыщагъэувыІащ Бахъсэн, Балъкъ, Тэрч псыежьхэхэм деж икІи 1942 гъэм жэпэгъуэм и кІэм нэблагъэху абы къыфІамыгъэкІыу яІыгъащ.

Республикэр лІыхъужьу яхъумащ 9-нэ, 37-нэ армэхэм я зауэлІхэм. Абыхэм хэтащ урысхэр, украинхэр, куржыхэр, адыгэхэр, балъкъэрхэр, азербайджанхэр, ермэлыхэр. Зэхэуэ нэхъ гуащІэ дыдэхэр щекІуэкІащ Бахъсэн, Курп гъунапкъэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэригуа фашистхэм цІыху мамырэр гуэр ящІа зауэлІу 4241-рэ зэтраукІащ, промышленнэ Іуэхущапкъэхэр, колхозхэмрэ совхозхэмрэ зэтраукъуащ.

Фашистхэр Кавказ бгы лъапэхэм гъунэгъу къыщыхуэхъум, Дзэ Плъыжьым кьуэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизан гуп зэгуэтыр.

1942 гъэм и щэкІуэгъуэм Дзэ Плъыжьыр Сталинград деж бийм зэрышебгъэрыкІуам и фІыгъэкІэ, Кавказ Ищхьэрэм щыІэ совет зауэлІхэри яужь ихьащ фашистхэр ирагъэкІуэтыным. 1943 гъэм щышылэм и 11-м Закавказскэ фронтым и зауэлІхэм и Ищхьэрэ дзэ гупым Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуит кьащІыжащ.

КъБР-м и Фэеплъ тхылъым нэсу къыщыгъэлъэгъуащ зауэм Іутхэм мыдэкІэ щыІэр зэрадзэпэкьуар. Абы и том кьэс итщ фашистхэм датекІуэн папщІэ ди цІыхухэр я фэм дэкІам ухэзыгъэгъазэ. ЦІыхухъуэхэр зауэм щыІэми, мыдрей кьэнахэм яхэзэфІэкІат республикэм и экономикэр зауэ лъэхъэнэм зыхуеинум трагъэпсыхьыну.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ди республикэм щыпсэухэм къэралым и зыхъумэжьныгъэ фондым халъхьащ сом мелуани 160-м щІигъу. Мылькум и ныкъуэр кІуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр орденэхьэм и колхозхэт», «Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм - ажал» зи фІэщыгъэ танк колоннэхэр, кхъухьльатэ эскадрильехэр ухуэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхозхэмрэ совхозхэмрэ фронтым ираташ щы мин 27-рэ, гуэдз тонн 286771-рэ, кІэртІоф тонн 55275-рэ, сэхуран тонн 47399-рэ, хадэхэкІ тонн 96967-рэ, лы центнер 286771-рэ, шэ гекталитр 164165-рэ, цы центнер 9025-рэ, фэ 252896-рэ. Дзэ Плъыжьым и зауэлІхэм хуагъэкІуэда ерыскъыхэкІрэ зыхуеину хьэпшыпрэ зэрылъ вагон 23-рэ, бэлътоуэ, пыІэу, плІэу, лъэпэду, цыджанэу, упщІэ вакъэу 71673-рэ.

Зауэ зэманым Налшык щыІащ Урюпинск дэта лъэсыдзэр, зауэ-пехотэ училищэр, армэм и штабхэр, дзэ сымаджэщу 12. Республикэм и цІыхухэмахэрэ къызэрагъэпщІырт щхьэнкІэ, уІэгъэ зэрыхьэкІ. Республикэм и цІыхухэмахэрэ къызэрагъэпщІырт щхьэнкІэ, уІэгъэ зэрыхьэкІ. ЩІэныгъэлІхэм я фІыгъэкІэ Хэкум, республикэм, унагъуэ щхьэхуэхэм кьихьэжащ лІыхъужь 1000-м я фэеплъыр.

Фэеплъ тхылъым иІэщ щІэныгъэ-гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ, КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхьидэр егъэзыжьыныкІэ школхэм, колледжхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм кьышцэбэпынущ. ЛІыхъужьхэм, ятеухуа хъыбархэр тхьидэ щІэныгъэ къудейкІым, атІэ уапсыхь. Тхылъым дыкъыхуреджэ Хэку зауэшхуэм и гуэзвэгъуэ махуэхэр тщымыгъупщэным. Абы и цІэ-унэцІэхэр щІэблэхэр зэпызыщІэщ, Хэкур фІыуэ лъагъунымкІэ щапхъэщ.

МАМСЫР Хьэмидбий,
тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.
САБАНЧИЕВ Хьэжмурат,
тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.

Іейм фІыкІэ пэджэжцІыху

Отаров Омар хуэдэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэм сыдэлэжьэну къызэрысухуэм срипасыпыфІэщ. Абы сыт щыгъуи зыхищІэрт и ІуэхуцІафэхэмрэ и лэжьыгъэмкІэ къыІуІыс жэуапІыныгъэр зыхуэдэр.

АР И УНАГЪУЭМ теубгъуат, хуэпэжкт. ХьэщІэкІэ дапщащи фІыт. Омаррэ и щхьэгъусэ Бийгъатрэ яку зэхущытыкІэ дахэ, лъагъуныгъэ, пщІэ, шыІэныгъэ дэлъащ.

Омар и псалъэ Іущхэм зэпымыууэ дыщІэдэІурт. НэхъыщІэхэр дызыхищІыкІырт, пщІэ къытхуищІырт, фІыуэ дыкъыпльагъурт, дигъэлъапІэрт. Абы сыт щыгъуи сабийхэр игъасэрт Іейм фІыкІэ пэджэжыну, и цІыхубэ уэрэдхэмкІэ ар жылагъуэ Іуэхухэми хэлІыфІыхьырт, гъашІэр фІыуэ ялъагъуну цІыхубэр къыхуриджэу.

ИтІанэ, Омар хуабжьу гушыІэрейт. Язныкъуэхэм хуэдэу абы «вагъуэ» уэ дэпльагъуртэкъым. Отаровым и гъащІэ псор триухуащ фІыуэ ильагъу и щІыналъэ и уэрэдхэмкІэ иІэтыным. Абы и дэтхэнэ зы уэрэдри гъэнщІат гъащІэм и пэжымкІэ. Сыхьэт ныкъуэкІэ зэпимыгъууэ цІыхубэ акапельэ уэрэд жиІэфырт, хорым и пашэу.

Омар псэуху и лъэпкъым къыгуэхыпІэ хуиІакъым, и макъыр Іуащ ди гум гуэгапгъэмрэ захуагъэмрэ къыщыгъэзуш. Ар зэи тщыгъупщэнукъым!

СОКЪУР Ольгэ,
Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ипщэ республикэхэм я цІыхубэ артистхэ.

И ныбжьэгъуэхэм я гъусэу. *1986 гъэ*

Нэхъ кІащхъэ хъуакъым

Сыщыщыкіум пшынауэ цІэрыІуэ, си анэ Къашыргъэ КІурацэ РСФСР-м щыхьх зиІэ и артист Отаров Омар теухуауэ фІы куэд жиІэу зэхэсхащ. 1938 гъэм, Налшык и Ленин еджапІэ кьалэ цІыкІум и Іэгъуэблагъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкІэ и ансамблыр кьыщызэгъэпэщам щыщІэдзауэ ахэр зэныбжьэгъу хъущ.

ОТАРОВ зэщхьэгъусэхэр (Омар и щхьэгъусэ Бийгъат къафакІуэ пажэт) си анэм гуапэу игу къигъэкІыжырт. ЗарыжкІэжмкІэ, Омар ансамблым хэтхэм фІыуэ кьалъагъурт. Ар лъагэт, зэкІужт, гупыр игъэзэщыртэкъым. И къэфэкІэр-щэ?! Ар къэфакІуэхэм зыхашэну зэгуэр ерыщу иужь ихьауэ зэрыщытами си анэр кьыскухутепсэтыхьат, ауэ ар Тхьэм уэрэджыІакІуэу кьызэригъэщІар нэхъ иужькІуэкІэ быдэу си фІэщ хъуащ, радиомрэ телевиденэмрэ я республикэ хорым дыщызэдэлэжьэну кьыщытхуихуам. Къыщалъхуа щІыналъэм кьызэригъэзэжу, ар хорым хагъэхьащ икІи мыгувэу уэрэджыІакІуэ пашэ хъуащ. Псом хуэмыдэу ар сэ нэхъ кьысхуэгуапэт. Ящэу дыщщІэзэзам кьызжиІауэ щытащ: «КІурацэ и къуэр артист Іей, нэхъыщхьэращи, цІыху Іей хъун хуейкъым». Ар си ныбжьэгъуу зэрыщытам сроугушхуэ. Омар хуэдэ цІыху нэс зэи срихьэлІакъым.

Азие Курытым, и лъэпкъэгъуэм я гъуэгу, бэлыхь куэд щишэчами абы гъащІэм хуиІэ лъагъуныгъэ нэхъ кІащхъэ хъуакъым, и лъахэм изыгъэкІахэм ятеухуауэ зы щІалъэ дыджи жиІэу зэхэсхакъым. Гугъуехьхэм кьыпэкІуащ зэфІэкІ ин, ушэщагъэ, цІыхубэм я лъагъуныгъэ. Балъкъэрхэмрэ къэрэшейхэмрэ я щІыналъэхэм абы кьызэрыщыІущІэу щытар-щэ! Ар псалъэкІэ кьзІуэтэжыгъуейщ. Омар жиІэрт уэрэдым и гъэцІэр кьригъэлауэ. Апхуэдэуи хуащ. Колыма лагерым щыщыІэм гугъуехьхэр нэхъ тынш щыхъурт, тезыр зрагъэпшынхэмрэ хуэмакІуэхэмрэ папщІэ кьызэрагъэпэщ концертхэм хэтти. Абыхэм урыс уэрэдхэр щигъэзащІэрт. Омар кьыщыхьурт уэрэд жиІэн зэрыщигъэту, псэуни щигъэтыну. Апхуэдэуи хъуащ. Хорыр зэбграгъэкІыжа нэужь куэд мыщІэу дунейм ехыжащ.

Ар шыгъупІастэкІэ фІыуэ щытащ. Зы тхьэмахуэ зэхуакуи блэкІыртэкъым абы и унэм ургъэблагъэу шхурэ кхъуеий гурыкъкІэ уимыгъэхьэщІэу.

Отаров Омар и ныбжьэр илъэс пщІей щыхъум щыхьхэ уэрэдищэм щигъу гукІэ ищІэжырт. Ахэр зэрыкІыхьым кьыхэкІыу радионэтынхэм зэрыщагъэкІэщІыр и жагъуэ хъурт. КьищынэмыщІауэ, абы гукІэ ищІэжырт дэтхэнэ зы уэрэдыр хэт япэу игъэзащІэу зэхихами. А уэрэдхэми Кавказым и тхьідэми ар фІыуэ щыгъуазэт. Хьыбархэри щІэщыгъуэу кьиІуэтэжырт.

Музыкэ щІэныгъэ имыІами, абы уэрэдхэр ныкъуэсныгъэнщэу зэхихлъхьэрт. ЦІыхубэ хорхэм я съезд Москва щыщкІэкІам, композитор цІэрыІуэ Шейблер Трувор триСчэныхьауэ щытащ Отаровыр абы кІуэну.

КЪАШЫРГЪЭ Билал,
композитор, УФ-м щІыхь зиІэ и артист.

Отаров Омар Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и хорым хэтщ. *1978 гъэ*

Бахъсэн щІыналъэ

Къабзагъэр къызэрагъэпэщ

Санитар-экологие щытыкІэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, Бахъсэн муниципальнэ районым къабзагъэм теухуа Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІащ.

КЪЫХАЛЪХЬА мазитІ лэжьыгъэм хэхьэу, Ислъэмей къуажэ администрацэм и Іэщ ІагъэлІхэм, депутатхэмрэ жылэм дэсхэмрэ щІыпІэкІэ зэлъыІуахащ, зыхуей хуагъэзащ. Зи чэзу щэбэт щІыхьэхэм цІыхуи 150-м щІигъу хэтащ, техникэ хэхауэ пщыкІуэ къагъэсэбэпащ, «Кавказ» федеральнэ гъуэгум деклъэкІ жыгхэм ящыщу километрипІ яухъуэнщІащ, игъуКІахэр паупщІащ. Уэрамхэр, гъуэгубгъуэхэр ягъэкъэбзащ, епІланэ еджапІэм и Іэшэлъашэмрэ Бахъсэн псыхъуэмрэ пхъэнкІий идзыпІэ Іэрыщ Іхэр кьанэ щымыІэу щызэщІакъащ.

Предприятэ, организацэ пщІантІэхэм, къуажэкум жыгыщІэхэмрэ щыхэсэным, ахэр зэІуэзэщІ щыным хуэунэтІа-уэ лажьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ.

Бахъсэн район администрацэм къабзагъэм и телъхь я къуажэдэсхэр щІыпІэхэр зэлъыІухьыным, гъэкъабзэным техуха щэбэт щІыхьэхухэм жыджэру зэрыхэтам папщІэ фІыщІэ хуещІ.

Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Гъэтэгъуэныгъэ

Іэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ щызэхэухуэна

Къэбэрдей-Балъкъэрым Тканенкэ Андрей и щІэр зезыхьэ Сурэтыщ гъуэзджэхэмкІэ музейм къыщызэІуахащ Кином и илъэсым теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр.

ЛЪЭПКЪ музейм и пэІущІэ пэшым утыку къыщрахьащ ІэзэгуэхлапІэм и фондым щахъумэ, видеоэтэнхэр зэрагъэхьэзыр, кинохэр зэрытрах, газетхэмрэ журналхэмрэ къызэрыдагъэкІ Іэмэпсымэхэр, сурэттеххэр.

Зэхьихьэм ирагъэблэгъащ ВГИК-м щеджа, КъБР-м и япэ профессиональнэ оператор, кином ехьэлІа Іэмэпсымэхэр зэхуэзыхьэсжьа **Аттаев Анатолий**. Къыжьыіапхъэщ, абы ихьумэ Іэмэпсымэ куэд гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхагъэхьар. Апхуэдэу, зэхьихьэм зыкъраГъэхьэлІащ икІи Іуэхум теухуауэ къыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, МВД-м и институтым и музейм Краснодар крайм щилэ къудамэм и унафэщІ **Кузьмин Евгений**, кином дихьэххэр.

Выставкэм хыхьэу ягъэлъапІащ музейм къыщызэрагъэпэщ зэхьихьэхэм жьыджэру хэт сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ. Дэтхэнэми Іуэхущ Іапі эм кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьапхэр хуагъэфэщащ.

Музейм и пэшхэм ящыщ зым япэу утыку къыщрахьащ декоративно-прикладной гуэзджэм и Іэпщ Іэльапщ Іэхэу Брай Ратмирэ Афіэунэ Еленэрэ я щхьэзакъуэ лэжьыгъэхэр. Выставкэм хьэлэмэту щызэхэуухэнащ Ратмир и Іэдакъэ къыщІэкІа дыщэ, дыжьынхэкІ хьэпшыпхэр, Еленэ и цІыхухэу, цІыхубз фащэхэр, дыщэидэхэр, тхьапхъэхэмкІэ гъэдэха чыісэ цІыкІухэр. Лэжьыгъэхэр апхуэдизкІэ тІуми гъуэзэджэу кІэхъуІащи удамыхьэхынкІэ Іэмал яІэкъым.

Ратмир екІуу игъэдэхащ, иэгъэщІэрэщІащ гъуКІэ КІэрэф Темболэт, нэгъуэщІхэм яГъэхьэзыра Іэщ зэкр, сэтхьэмпэхэр, кьамэхэр, сэшхуэхэр, сэхэр.

- Си адэмкІи си анэмкІи си адэшхуэхэр я Іэщ агъэкІэ пхъащІэу щытащ. Ахэраз уэ къыщІэкІынущ щапхъэгъэльагъуэ схуэхъуари. Я Іпуу пхъэращ сызэлэжьу щІэздзар, - жеІэ Брай Ратмир. - КъБКъУ-м декоративно-прикладнэ гуэзджэмкІэ и къудамэр, Мэлбатхъэ Борис зи унафэщІыр, къэзухащ. Иджыблагъэ Москва щекІуэкІа выставкэм сыкІуэну Іэмал симыІами, си лэжьыгъэхэр щагъэльэгъуащ икІи увыпІэфІ кьыхуагъэфэщащ. Си Іэдакъэ къыщІэкІахьэпшыпхэр, дыщэ, дыжьынхэкІхэр щыгбгъэнтыщ КъБКъУ-м ибгъуМКІэ къыщыт «Черкес» тыкуэнымК КъБКъУ-м Дизайнымкі э и институтым дыщкІ Іэщ агъэм, пхъэм щыхуэзгъаджэ. Сызытелажьэр лъэпкъ Іэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэщ. Мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщынымкІэ къызэдэІэпыкъуащ хьэрычэтыщ Хьутат Хьэсэн. Мыпхъыщ щІэгъэкъуэн къыхуэхъуэн къыкъуэкІмэ, нэгъуэщІ щыналъхэмки си лэжьыгъэхэр щызэгъэльэгъуэну си гуапэщ.

Бахъсэн районым хыхьэ Къултъкъужьн Ипщэ къуажэм къыщалъхуа Афіэунэ Еленэ и зэфІэкІыр умыгъэщІегъуэн пшъэкІыр-къым. Абы и Іэщ агъэм псыпэ хуэхъуар Гъуэзджэхэмкі э Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкІэ и колледжыр къыщыухьи и диплом лэжьыгъэр зытриуха дыщэидэрщ. А Іэхъумкі э Еленэ къыдэІэпыкъуащ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр зезыхьэ Сабий творчествэмкІэ центрым и егъэджакІуэ Дагировэ Марионеттэ.

- Дыщэидэм апхуэдизкІэ сыдихьэхати, илъэсищкІэ абы сыхуеджащ. А Іэщ агъэр зэрызэгъэгъуэтам щыхьэт техьуэ дунейм къызатыжащ. Прохладнэ къалэм и Художественнэ школым сурэт щІыным иджы сабийхэр щыхэзгъаджэ. Жэщ-махуэ, зэман хэха симыІэу спэгъунэгъу, гукъыдэж къызэзыт а Іуэхум сыпэрытыфщ. Апхуэдэу мы гъэлъэгъуэныгъэм зыхуэзгъэхьэзыращ, - жеІэ Афіэунэ Еленэ. - Къалэн зыщысщІыжащ адыгэм ижь-ижьыж льэндэрэ къыдекІуэкІ дыщэидэ, хэдыкІ Іэщ агъэ дахэхэр къэсІэтыжыну, абы зегъэужьыным си зэфІэкІ хэслъхьэну. Абы къыдэкІуэу, махуэ къэс щыпТагъэ, хьэгъуэлІыгъуэ, гуфІэгъуэ зэхьихьэхэм уэзрыхэтыну иджыдей адыгэ цІыхухэу, цІыхуэ фащэхэр здыну си мурадщ.

А псоми къыдэкІуэу, Еленэ зэрыдыгэгум, зэрыадыгэпсэм, льэпкъ хабзэм зэрытетым и щыхьэтщ пасэм адыгэхэм къагъэсэбэну щыта, жьы хьуа хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр зэрызэхуихьэсыжьыр, ахэр зэримыгъэкІуэдыжьыным ищхь зэритыр. АпхуэдизкІ бгъэІэлъэхэр, хьэзырхэр, гуэгуэнэхэр, шым, Іэщэ-фащэм ехьэлІа Іэмэпсымэхэр.

Лъэпкъ музейм и бжэІупэм щагъэувэ телеэкранымкІэ ягъэлъэгъащ «Человек с бульвара Капуцинов» фильмыр, Урысейм кинор кІыззэрыщІыныжхэм, абы и Іэдэм, кІыкІуэ гъуэгуанэм, зэрызиужьам теухуар.

Тканенкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ Іуэзджэхэмкі э музейм и фондым щахъумэ сурэтхэм я гъэльэгъуэныгъэ къыщызэІуахащ. Абы хагъэхьащ 50-70 гъэхэм ди сурэтыщІхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа Іэжьыгъэхэр. Выставкэр ягъэдхащ икІи курихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ Налшык къалэм и ветеранхэм я хорымэ Гъуэзджэхэмкі э Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и студентхэмрэ. Къызэхуэсахэр ирагъэплъащ «Неподдающийся» фильмым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Котляровхэ аргуэру бжьыпэр яІыгъщ

«Илъэсым и тхьилъ нэхьыфІхэр» фІэщыгъэм щІэту Урысейм и тхьилъ тедзапІэхэм я ассоциацэм ирогъэкІуэкІа 25-нэ зэпеуэм кьрикІуахэр регъэІуащ.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и хэгъэгу 32-м ящыщу тхьилъ тедзапІэ, Іуэхущ Іапі и 136-м нэблагъэ хэтащ а Іуэхум. УФ-м и къалэ 34-м, хамэ къэралхэм я кьалихьым кьыдэкІыгъуэ 502-рэ кьагъэхьати, абыхэм ящыщу 72-р текІуахэм яхэтщ. «Урысейм и хэгъэгухэм теухуа тхьилъ нэхьыфІ» Іыхьэм Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхьилъ тедзапІэм том куэд хъуу кьыдигъэкІар хагъэхьащ.

«Къэзакъхэр» тхьилъым тэрч къэзакъхэмрэ гъунэгъу щІыпІэм щыпсэухэмрэ ятеухуа хъыбар, лэжьыгъэ куэд щызэхуахьэсыжащ. Иджырей щІэджыкІакІуэм гъэщІэгъунэкІэ гъэнщІа тхьилъым Урысей къэралыгъуэр зэфІэувэным къэзакъэм хуащІа хэлъхьэныгъэ мымащІэри къыщыгъэльэгъуащ. Пэублэ псалъэм абы итхэм кІэщІу я гугъу щыщІащ, лэжьыгъэхэр зи Іэдакъэщ Іэкіэрэ щІэджыкІакІуэм ирагъэщІыху. Тхьилъым узыщрихьэлІэ сурэтхэм ящыщ куэд япэу традзэу аращ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мыр Котляровхэ я япэ ехъулІэныгъэу зэрыщымытыр. 2011 гъэм щегъэжьауэ абыхэм я тхьилъхэр УФ-м щынэхъыфІу плІэнейрэ кьалъытащ. «Неизвестная Кабардино-Балкария» тхьилъыр Печатымрэ цІыхубз коммуникацэхэмкІэ федеральнэ агентствэм 2013 гъэм лъэхэхутэ лэжьыгъэ нэхъыфІхэм ящыщу къыхигъэщхьэхуІауэ щытащ.

Зэпеуэм щытекІуахэр мэкъуаугъуэм и 3-6-хэм Москва и Ут Плъыжьым щрагъэкІуэкІыну «Урысейм и тхьилъхэр» фестивальм щагъэльэпІэнущ. КъыщынэмыщІауэ, Котляровхэ къыдагъэкІа «Кавказ» тхьилъым и лъэтеувэ абы щащІыну я мурадщ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

● Зэпеуэ

● Хъуэхъу

Шэджэм къалэм щыщ Гъущіо Хьэжмурат къыщалъхуа махуэмкІэ дохъуэхъу!

Пщіэ зыхуэтщІ, Хьэжмурат!

Уэныншагъэ быдэ уиІэу, уи дунейр дахэу, уи гукъыдэжыр мыкІуэщІу, нэщхьеягъуэр къыппекІуэкІыу, уи гурыпхъэр къохъулІэу гъащІэм гу щыпхуэну Тхьэм жиІэ! Уи пщІэм, дэрэжэгъуэ къозытым къыхэхъуэу адэкІи уи унагъуэ жьэгум гуфІэгъуэр имыкІыу и жьантІэм удэсыну ди гуапэщ.

Текіужьэ я унагъуэр.

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэхэр гуащІэт.

Япэ дивизионыр адэкІэ къапоплъэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - 3:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 30-м. Цыху 2200-рэ еплъащ.

Судьяхэр Ермаков (Краснодар), Касабиев (Владикавказ), Петров (Астрахань).

«Спартак-Налшык»: Антипов (Уэрсей, 76), Мэкъуауэ (Албегов, 80), Мурачёв, Дашаев, Соблир, Багъэтыр (Балъкъэр, 66), Дроздов, Войнов (Дзыхьмыщ, 66),Ахриев, Бажэ (ПІуп, 55), Гугуев.

«Мэшыкъуэ-КМВ»: Шлеев, Наталич, Мулляр, Абидинов, Родионов, Бай, Нестеренкэ, Шрейдер, Кайдаш, Абыдокъуэ, Кубалов.

Топхэр дагъэкІащ: Мурачёвым, 8 (1:0). Ахриевым, 49 (2:0). Гугуевым, 51 (3:0).

Дагъуэ кьыхуащІащ: Багъэтырым, Балъкъэрым, Соблырым, Наталич.

ВЗСЭМАХУЭ иужьу «Спартак-Налшыкыр» етІуанэ дивизионым щыджэгъащ. 2015-2016 гъэхэм екІуэкІа зэхьэзэхуэ зыхэта гупым пазэныгъэр къызэрыщихьам и фІыгъэкІэ адэкІэ, мазэрэ ныкъуэрэ иримыкъу дэкІмэ, япэ дивизионыр къыпоплъэ. Фіыуэ ялъагъу командэр ягъэльэпІэну, ищхьэкІэ зэрыдэкІуэтеям папщІэ ехъуэхъуну Налшык и «Спартак» стадионым щІыху куэд къызэхуэсат. Абыхэм я ягу зрагъэужьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и эстрадэм и уэрэджьІакІуэ щІэрыпсэхуэ Ракитинэ Ирина, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Сокъур Ольгэ, Текуев Амур, Бэч Азэмэт сымэ.

Турнир таблицэм щабыдыну увыпІэм мыхьэнэ льэпкъ имыІэми, «Спартак-Налшыкымрэ» «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ топджэгу уэзэзыхьэ кьагъэльэгъуащ. Еянэ джэгугъуэ хьуауэ зи гъуэм зы топи дезымыгъэгъэкІа налшыкдэсхэм мы зэІущІэм и ещанэ дакъикъэм ар къащІыщІ пэтащ. Насып яІэти, штангэм ахэр кьригъэлащ. АдэкІэ ди щалэхэм зызэщІакъуэжащ икІи тепщэныгъэр зы мэскъалкІи яутІыпщакъым.

Дакъикъэ еянэм Гугуев Магомед гъунэгъу дыдэу бгъэдыхьэри, и кьару кьыззэрихькІэ, гъуэм еуащ. ХьэщІэхэм я гъуащхьэтетым и Іэзагъ псори кьызэкъуихын хуей хъуащ топым кьригъэгъаззу угловойм игъэкІуэн папщІэ. Ар Бажэ Амир Іэкъэгъакъуэ кьыхитащ икІи Марачёв Олег щхьэкІэ еуэри, бжьыгъэр кьызэІуихащ.

Япэ ища пэтми, «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэхэр зыкІи игъэкІащхьэртэкъым. Загъэпсэхуну икІыну щынэбгъэгъуэфыну щытащ, арщхьэкІэ топыр зымащІэкІэ гъуэм хуэзакъым.

Джэгум и етІуанэ Іыхьэм и щІэдзэкІэм «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и футболистхэм я пэр щІихьэпащ. Абы и гъащхьэхъумэр зэрызэрихьэжьам мы зэІущІэм кьрикІуэнур псынщІэ дыдэу белджьылы ищІащ - япэ дакъикъитхум топитІ зэрыдэкІуэтеям папщІэ ехъуэхъуну Налшык и «Спартак» стадионым щІыху куэд къызэхуэсат. Абыхэм я ягу зрагъэужьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и эстрадэм и уэрэджьІакІуэ щІэрыпсэхуэ Ракитинэ Ирина, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Сокъур Ольгэ, Текуев Амур, Бэч Азэмэт сымэ.

Турнир таблицэм щабыдыну увыпІэм мыхьэнэ льэпкъ имыІэми, «Спартак-Налшыкымрэ» «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ топджэгу уэзэзыхьэ кьагъэльэгъуащ. Еянэ джэгугъуэ хьуауэ зи гъуэм зы топи дезымыгъэгъэкІа налшыкдэсхэм мы зэІущІэм и ещанэ дакъикъэм ар къащІыщІ пэтащ. Насып яІэти, штангэм ахэр кьригъэлащ. АдэкІэ ди щалэхэм зызэщІакъуэжащ икІи тепщэныгъэр зы мэскъалкІи яутІыпщакъым.

Дакъикъэ еянэм Гугуев Магомед гъунэгъу дыдэу бгъэдыхьэри, и кьару кьыззэрихькІэ, гъуэм еуащ. ХьэщІэхэм я гъуащхьэтетым и Іэзагъ псори кьызэкъуихын хуей хъуащ топым кьригъэгъаззу угловойм игъэкІуэн папщІэ. Ар Бажэ Амир Іэкъэгъакъуэ кьыхитащ икІи Марачёв Олег щхьэкІэ еуэри, бжьыгъэр кьызэІуихащ.

Япэ ища пэтми, «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэхэр зыкІи игъэкІащхьэртэкъым. Загъэпсэхуну икІыну щынэбгъэгъуэфыну щытащ, арщхьэкІэ топыр зымащІэкІэ гъуэм хуэзакъым.

Джэгум и етІуанэ Іыхьэм и щІэдзэкІэм «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и футболистхэм я пэр щІихьэпащ. Абы и гъащхьэхъумэр зэрызэрихьэжьам мы зэІущІэм кьрикІуэнур псынщІэ дыдэу белджьылы ищІащ - япэ дакъикъитхум топитІ зэрыдэкІуэтеям папщІэ ехъуэхъуну Налшык и «Спартак» стадионым щІыху куэд къызэхуэсат. Абыхэм я ягу зрагъэужьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и эстрадэм и уэрэджьІакІуэ щІэрыпсэхуэ Ракитинэ Ирина, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Сокъур Ольгэ, Текуев Амур, Бэч Азэмэт сымэ.

Турнир таблицэм щабыдыну увыпІэм мыхьэнэ льэпкъ имыІэми, «Спартак-Налшыкымрэ» «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ топджэгу уэзэзыхьэ кьагъэльэгъуащ. Еянэ джэгугъуэ хьуауэ зи гъуэм зы топи дезымыгъэгъэкІа налшыкдэсхэм мы зэІущІэм и ещанэ дакъикъэм ар къащІыщІ пэтащ. Насып яІэти, штангэм ахэр кьригъэлащ. АдэкІэ ди щалэхэм зызэщІакъуэжащ икІи тепщэныгъэр зы мэскъалкІи яутІыпщакъым.

Дакъикъэ еянэм Гугуев Магомед гъунэгъу дыдэу бгъэдыхьэри, и кьару кьыззэрихькІэ, гъуэм еуащ. Хьэ-

Европэм апхуэдэ щыІэкъым

● Зыгъэсэныгъэ

Іуащхьэмахуэ лъапэ мы махуэхэм зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ бгы-лыжэ спортымкІэ Урысей Федерацэм цІыхубзхэмрэ цІыхухъухэмрэ я командэ къыхэхахэм.

БГЫ-ЛЫЖЭ спортымрэ сноубордымкІэ федерацэм хъыбар къызэрыдагъэщІамкІэ, мы гъэм щІадзэжащ спортсмен нэхъ льэщхэм я гъэмахуэ зыгъэсэныгъэхэр ди хэкум щрагъэкІуэкІныныр. Иужьрей илъэс 30-м кьриубыдэу мыпхуэдэ зыгъэсэныгъэхэр япэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІыну аращ. Командэ къыхэхам хэт спортсменхэр бгым кьожэх лъагагъэр метр 3860-м кьыщыщІэдзауэ 3500-м нэс. Махуэ къэмынэу бгы лыжэхэмкІэ зыгъэсэныгъэхэр езыгъэкІуэкІхэм лъагъуэ хуащІ «Куроорт Эльбрус» акционер зэгуэхэныгъэм уэсыр зыубэ техникэм.

ЦІыхухъухэм я командэ къыхэхам и тренер Шестаков Павели гупым ядолажьэ нэгъуэщІ къэралхэм къикІа Іэщ агъэкІэхэми къыхагъэщащ Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщыбгъэсэну щыІэ тыншыгъуэр хамэ къэралхэм зыкІи къызэрыкІэрымыхур, уеблэмэ Швейцарием и Церматт джабэм хуэбгъадэ зэрыхъунур. «А псом и щыІужкІэ, иджыпсту хуэдэ зэманым Европэм зыщІыпІи щыбгъуэтынукъым километри 2.300-рэ зи кІыхьагъ бгым укъызэрежьэхьн лъагъуэ. ХьэщІэщхэм, ерыскъыхэм, трассэр зэрагъэхьэзырым хуэдэ гъуэтыгъуейщ», - жеІэ Шестаковым.

Илъэс и пэкІэ федерацэм и унафэщІхэм къапщытащ гъэмахуэм зыгъэсэныгъэхэр щебгъэкІуэкІ хьуну Урысейм щыІэ щыІнаІъхэр. Гъэмахуэ лъэхъэнэм зыгъэсапІэ базэ пщІы хъуну къаІытар Іуащхьэмахуэ лъапэ и закъуэщ. «Командэхэм я зыгъэсэныгъэхэр нэгъуэщІ къэралхэм щрагъэкІуэкІыфу щыщытэ зэманыр блэкІащ, - жиІащ Урысейм бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ и федерацэм и президент Мельников Леонид. - ИкъуэкІ дэрэжэгъуэ кьует Іуащхьэмахуэ удэзыш кІапсэ гъэугъащІэхэр зэрахуэрыдиям, спортсменхэм папщІэ лъагъэщІэхэри зэрахуэр гупльытэншэу кьанэркъым».

ТхьэмахуэтІкІэ екІуэкІыну зыгъэсэныгъэхэм хэтынущ лІэужьыгъуэ псомкІи къэпщытэныгъэхэр. Гуапэщ спортсменхэми тренерхэми ди щІыпІэр ягу зэрырихьыр.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Бокс

Алихъанрэ Іэминрэ я ехъулІэныгъэ

Куржым хыхьэ Гори къалэм мы махуэхэм щызэхэтащ боксмкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы ирихьэлІащ къэрал зэмылІэужьыгъуэ 12-м икІа спортсмен 180-рэ.

ДУНЕЙМ пщІэшхуэ щызэхьэзэхуэм дыщэ медалхэр къыщахьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым боксмкІэ и школым и гъэсэн килограмм 64-рэ зи хьэлъагъэм я гупым зыкъыщызыгъэльэгъуэ Къурмэн Алихъанрэ килограмм 69-м нэблагъэ Къыщхьэ Іэминрэ.

- Ди щІалэхэм зыІуэ Куржым зыкъыщагъэльэгъуащ икІи Урысейм и командэ къыхэхам и ехъулІэныгъэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ, - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым боксмкІэ и къэрал тренер КІэрэф Залым.

ТЕМЫР Дисанэ.

● Гу зылъытапхъэ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылэжьа егъэджакІуэм

инджыыбзэкІэ хуиту фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ. Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8-15-м ит сабийхэм;
- балигъхэм (студентхэм, бизнесменхэм).
- гъэмахуэ зэманым лажьэ школ щхьэхуэ къыщэрегъэпэщ.

Езым и Іуэхур зэрыхуэхъум хуэдэу дэтхэнэри тхьэмахуэм щэ къекІуалІэ хъунущ.

Еджэн щІадзэ мэкъуауэгъуэм и 10-м.

Зезыгъэтхьнухэр къэпсалъэ хъунущ **8 -967-417-78-85** телефонымкІэ.



Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2015-2016 гъэхэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм къикІуар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык»	26	20	5	1	43-6	63
2. «ІэфІыпс»	26	15	4	7	35-27	49
3. «Краснодар-2»	26	14	6	6	53-25	48
4. «Черноморец»	26	14	6	6	35-22	48
5. «Ангушт»	26	11	8	7	24-17	41
6. СКА	26	11	5	10	34-24	38
7. «Динамо-Ставрополь»	26	9	8	9	29-30	34
8. «Мэшыкъуэ-КМВ»	26	9	6	11	25-34	33
9. «Тэрч-2»	26	8	7	11	32-31	31
10. «Биолог-Новокубанск»	26	7	6	13	21-34	27
11. «Алания»	26	6	7	12	21-36	25
12. МИТОС	26	6	5	15	30-48	23
13. «Астрахань»	26	5	6	15	23-49	21
14. «Дружба»	26	5	5	16	22-44	20

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредитетхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі э - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхуэ Іапі эхэм ядолажьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуэ Іапі эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтекІу зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныгъэр зэхуэмыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм № Н-0065-м щІэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ зыбдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Адэмэт** *(2, 3-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьэу Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар щыкъуэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №675